

Timoun nan lari , timoun Ayiti !

Samuel Pierre

Sa fè trè lontan nou ap gade fenomèn timoun nan lari a tankou yon tèt chaje ki ap grandi pi plis. An jeneral, lè yo ap pale de timoun nan lari, sa vle di moun ki poko granmoun -timoun- ki ap viv nan lari. Pou yo nonmen menm fenomèn sa a, yo di tou, timoun ki nan sitiyasyon pou yo nan lari. Nou kapab klase sitiyasyon sa a nan twa kategori: timoun lari a, ki ap viv epi ki rete nan lari; timoun nan lari a, ki ap travay nan lari a menm lè yo genyen yon fanmi ak yon kay pou yo rete; timoun pou lari, se sila yo ki nan sitiyasyon kote yo sove kite kay fanmi yo pou yon tibout tan ki genyen bon jan chans pou yo rete nan lari a nèt. Kèk nan timoun sa yo kapab rete nan lari a avèk fanmi yo oubyen nan yon refij.

Fenomèn timoun nan lari, se pa yon bagay moun jwenn Ayiti sèlman. Nan lemonn, pèsonn pa konnen ki kantite timoun ki nan lari. Men, dapre UNICEF, kantite a ta nan plizyè dizèn milyon (http://fr.wikipedia.org/wiki/Enfant_des_rues). Yo estime peyi ki genyen plis yo, selon pwopòsyon yo, se *Inde* (11 milyon), *Bangladesh* (445 000), *Kenya* (250 000) ak *Kinshasa* (200 000). Pifò timoun nan lari yo se tigason ; se sitou kondisyon malouk lavi a ak kalite travay timoun sa yo ki eksplike sa : lave machin, brikolaj, vann, fè chany, eks. Lè nou fè konparezon, travay tifi yo se souvan travay domestik kidonk, travay ki kache; se reyalite timoun ki restavèk Ayiti yo.

Fenomèn sa a afekte sitou gwo vil Ayiti yo, tankou Pòtoprens ak Okap. Timoun sa yo lage enjisteman de bra pandye nan lari pou kont yo, san okenn pwoteksyon ni okenn mwayen pou

yo viv, san yo pa genyen okenn edikasyon ni kay pou yo rete. Kidonk, yo lage nan men kriminèl tout kalib ki kapab eksplwate sitiyasyon ekstrèm frajilite yo ye a. Kèk òganizasyon imanitè fè sa yo kapab pou yo retire kèk timoun sa yo nan lari a. Male-rezman, yo pa genyen mwayen pou yo bouske yo, pou yo sove yo epi pou yo fè vi nesesè pou fini nèt ak sitiyasyon sa a. Nan sans sa a, Leta ayisyen pa pran responsabilite li kòm pwotektè sitwayen lè li kite nan lari, olye yo chita lekòl, yon pakèt timoun ki dapre ti laj yo, pa ta dwe okenn lòt kote pase sou ban lekòl diran jou lasemenn yo.

Kit nou rekonèt li, kit nou pa rekonèt li, timoun ki nan lari yo, se ptit Ayiti yo ye tou ! Reyèlman vre, yo fè pati sosyete a. Men, kote yo ye a, se rale sèlman yo kapab rale sosyete sa a desann paske pa genyen okenn envestisman sosyal nan yomenm, tankou : envestisman nan edikasyon fondamantal, nan swen sante de baz, nan fòmasyon pwofesyonèl ak teknik, ni nan developman talan espòtif ak atistik. Anfen, tou sa ki ta kapab pèmèt jenn sa yo espere yon pi bèl avni epi ki ta pèmèt yo kwè nan sosyete a ak nan peyi a. Sistèm meprizan sa a, pou yon kategori timoun ki genyen pou yo vin sitwayen, ap koute peyi a chè, jodi a tankou nan tan ki ap vini. Paske timoun sa yo ki abandone, poukout yo, gentan tounen yon sous rekritman pou granmoun ki genyen move lide nan tèt yo epi ki pral pwofite inosans timoun sa yo pou rale yo nan move zafè ki pral atake bon fonksyonnan sosyete a. Konsa, se tout peyi a ki soufri epi ki pral soufri ankò, akoz kèk moun ki pa pran responsablite yo ansanm ak kèk lòt ki rete endiferan. □